# Kurumbidza Mwari



**Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi, iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. 1Timoti 1:17**

## Mabasa Avapostori 16:16-34

*Pauro naSirasi mutorongo*

**16 Nerimwe zuva patakanga tichienda kunzvimbo
yokunyengetera, takasangana nomusikana akanga ari nhapwa
akanga ane mweya wokuvuka. Iye aiwanira vatenzi vake mari
zhinji nokuvuka kwake. 17 Musikana uyu aitevera Pauro nesu,
achidanidzira achiti, "Varume ava varanda vaMwari Wokumusoro-
soro, vari kukuudzai nzira yoruponeso." 18 Akaramba achiita
izvi kwamazuva mazhinji. Pakupedzisira Pauro akashushikana
zvikuru zvokuti akatendeuka akati kumweya uyu, "Muzita raJesu
Kristu ndinokurayira kuti ubude maari!" Nenguva yakare iyoyo
mweya wakabva maari.**

**19 Vatenzi vomusikana akanga ari nhapwa vakaona kuti tariro
yavo yokuita mari yakanga yapera, vakabata Pauro naSirasi
vakavazvuzvurudzira pachivara pamberi pavo. 20 Vakavamisa
pamberi pavatongi vakati, "Varume ava vaJudha, uye vamutsa
bopoto muguta redu 21 vachidzidzisa tsika dzisingabvumirwi
nesu vaRoma kuti tidzigamuchire kana kudziita." 22 Ungano
yakabatana pakurwisa Pauro naSirasi, uye vatongi vakarayira
kuti nguo dzavo dzibvarurwe uye kuti varohwe. 23 Shure
kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye muchengeti
wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazvo. 24 Akati
agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati
akasungirira tsoka dzavo pamatanda.**

*Mukuru weTorongo wepaFiripi Anotendeuka*

**25 Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga
vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe
vasungwa vakanga vakavateerera. 26 Pakarepo pakava
nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo
dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka,
uye ngetani dzavanhu vose dzakasununguka.**

**27 Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzviuraya nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka. 28 Asi Pauro akadanidzira achiti, "Usazvikuvadza! Tiri muno tose!" 29 Muchengeti wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera.**

**30 Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, "Vakuru, ndingaita sei kuti ndiponeswe?" 31 Vakapindura vakati, "Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe neimba yako." 32 Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna vose vakanga vari mumba. 33 Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo, akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34 Muchengeti wetorongo akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.**

## He Leadeth Me

*by: Joseph H. Gilmore*

**He leadeth me, Oh blessed thought!**
**Oh words with heavenly comfort fraught!**
**Whatever I do, wherever I be**
**Still 'tis God's hand that leadeth me.**
**He leadeth me, He leadeth me,**
**By His own hand He leadeth me,**
**His faithful follower I would be,**
**For by His hand, He leadeth me.**

**Kurumbidza Mwari**

1. Pauro naSirasi vakadzinga wakaipa mumukadzi aivuka. Nemhaka yei tenzi wake akaisa varume ava mutorongo?
2. Ko Pauro naSirasi vakabatwa sei vasati vakandirwa mutorongo?
3. Zvakanga zvakadini mutorongo.
4. Ko Pauro naSirasi vakanga vachiitei vari mutorongo?
5. Chishamiso rudzii chakaitika?
6. Ko mukuru wetorongo akitei zvaakaona zvakanga zvaitika?
7. Pauro naSirasi vakaudza mukuru wetorongo kuti hapana musungwa akanga atiza. Ko mukuru wetorongo akabvunza kuti kudini?
8. Ko vakaudzei mukuru wetorongo?
9. Pauro naSirasi vaaknga vabatwa zvineutsinye uye vakanga vakandirwa mutorongo rakaipisisa kwazvo, ko unofunga kuti nemhaka yei vakakwanisa kurumbidza Mwari?
10. Ko Mwari akakudzwa sei?